

# Anons yon reyinyon pou pataje enfòmasyon ak piblik la

## Re-evaliyasyon Northbound Express Lane (EL) Connector a

Nimewo kontwòl finans pwojè a: 418423-1-22-01 / 437053-4-52-01

Miami-Dade County, Florida



Biwo transpò nan Eta Florid (FDOT), Distri sis, ap anonse yon rankont pou pataje enfòmasyon ak Piblik la konsènan re-evaliyasyon kèk gran chanjman nan plan wout SR826/Palmetto Expressway soti nan NW 27 Avenue rive nan estasyon Golden Glades la, epi sou I-95 soti nan SR916/ NW 135th Street/Opa-Locka Boulevard rive sou Florida's Turnpike Spur nan Miami-Dade County. Pwojè sa a pral konsantre sou kesyon pwoteksyon moun ak amelyorasyon nan jan sikilasyon an ap mache sou wout sa yo pou fè plas pou valè machin ki pral woule sou wout sa yo nan ane k ap vini yo, pou amelyore jan sikilasyon an ap fèt pou machin ki pral nan direksyon Nò pou al sou liy esprès I-95 yo ki pral konekte ak Florida Turnpike, epi pou amelyore fason moun ki nan zòn nan ak moun k ap pase nan zòn nan fè depasman yo sot nan yon sistèm transpò pou y al nan yon lòt.

Reyinyon sa a pral fèt **Mèkredi, 28 fevriye, 2018,**  
**De 6è a 8è di swa nan legliz Trinity Church**  
**Ki nan 17801 NW 2nd Avenue, Miami, FL 33169**

Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan pwojè sa a, tanpri kontakte Paulette Summers, Espesyalis ki la pou kenbe kontak ak kominote a, nan 786-510-3921, oubyen voye imel ba li nan [psummers@mrgmiami.com](mailto:psummers@mrgmiami.com). Ou kab al tcheke sitwèb sa yo tou pou w pran ransèyman sou pwojè a: [www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/state-road-sr-826palmettoexpressway-managed-lanes-design-projects-1](http://www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/state-road-sr-826palmettoexpressway-managed-lanes-design-projects-1) ak [www.fdotmiamidade.com/designprojects/expressways/golden-glades-interchange-enhancement-projects](http://www.fdotmiamidade.com/designprojects/expressways/golden-glades-interchange-enhancement-projects).

*Yo mande pou tout popilasyon an pran pa nan aktivite sa a san patipri pou kesyon ras, koulè, peyi kote yon moun soti, laj, sèks, relijyon yon mou, si yon moun gen yon andikap oubyen si yon moun marye oubyen li pa marye. Moun ki ta bezwen yon asistans patikilye dapre règleman lwa Ameriken 1990 la pou moun ki gen Andikap oubyen moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis), dwe kontakte Madan Hong Benitez, P.E nan (305) 470-5219 oubyen ekri li nan adrès sa a 1000 NW 111 Avenue, Room 6111, Miami, FL 33172 oubyen voye imel ba li nan adrès sa a [hong.benitez@dot.state.fl.us](mailto:hong.benitez@dot.state.fl.us). Si ou soud oubyen ou bèbè, tanpri kontakte biwo a atravè sèvis sa a: Florida Relay Service, 1(800) 955-8771 (TDD) oswa 1(800) 955-8770 (pou pale).*